

Alexian Brothers Health System, d/b/a Ascension Illinois affiliates

Règleman Konsènan Faktirasyon ak Rekovreman

June 1, 2023

POLITIK/PRENSIP YO

Sa se politik Alexian Brothers Health System, d/b/a Ascension Illinois affiliates (“Organizasyon” an) pou asire yon pratik sosyal jis pou bay swen ijans ak lot swen medikalman nesesè nan Organizasyon an selon Politik Asistans Finansyè li (oswa FAP). Politik faktirasyon ak rekouvremant sa a elabore espesyalman pou rezoud pratik faktirasyon ak rekouvremant pou Pasyan ki bezwen asistans finansyè epi ki resevwa swen sante nan Organizasyon an.

Tout pratik faktirasyon ak rekouvremant pral montre angajman ak respè nou pou diyite imen chak pasyan apa e antrèd nou, enkyetid espesyal nou ak solodarite nou avèk moun k ap viv nan povrete ak lòt moun ki defavorize, ak angajman nou sipòte sa ki jis ak montre bon jesyon. Anplwaye ak ajan Organizasyon an dwe konpòt yo nan yon fason ki montre règleman yo ak valè yon sant medikal ki jwenn sipò katolik, tankou tretman Pasyan yo ak fanmi yo avèk diyite, respè ak konpasyon.

Politik faktirasyon ak rekouvremant aplike pou tout ijans ak lòt ka medikalman nesesè Organizasyon an te bay, kite gen ladann sèvis travayè fizisyen ak Sante konpòtemantal. Politik faktirasyon ak rekouvremant sa pa aplike pou arajman peman pou ka ki pa “ijans” ak lòt “ka medikalman nesesè” (jan tèm sa yo defini nan FAB Organizasyon an).

DEFINISYON YO

1. “**501(r)**” vle di Seksyon 501(r) nan Kòd Revni Entèn nan ak règleman yo pibliye anba yo la.
2. “**Aksyon Ekstrawòdinè pou Rekovremant**” oswa “**ECA**” vle di aktivite rekouvremant ki endike anba la yo ka gen pou respekte kèk restriksyon dapre 501(r):
 - a. Lavant dèt yon Pasyan ba yon lòt enstitisyon, sof si achtè a anba kèk restriksyon jan sa dekri anba la a.
 - b. Rapòtaj enfòmasyon sou Pasyan an bay ajans rapòtaj kredi konsomatè oswa bay biwo kredi.
 - c. Ranvwaye oswa refize, oswa mande yon peman anvan yo bay swen ki medikalman nesesè paske yon Pasyan pa peye youn oswa plizyè fakti pou swen li te deja resevwa sa a defini nan FAP la.
 - d. Aksyon ki mande pwosesis legal oswa jidisyè, sof pou reklamasyon ki depoze nan kad fayit oswa pwosedи pou chòk pèsònèl. Aksyon sa yo gen ladan, men pa sèlman,
 - i. plasman yon dwa-privilèj sou pwopriyete Pasyan an,
 - ii. arè-sezi; ipotèk sou pwopriyete Pasyan an,
 - iii. plasman yon prelevman oswa attachman oswa konfiskasyon yon kont labank Pasyan an oswa lòt pwopriyete pèsònèl li,
 - iv. kòmansman yon aksyon sivil kont yon Pasyan, epi
 - v. sezi Salè yon Pasyan.

Yon ECA pa gen ladan okenn nan sa ki endike anba la yo (menm si kritè pou yon ECA jan sa endike anwo a satisfè an jeneral):

- a. lavant dèt yon Pasyan si, anvan lavant lan, yon akò alekri ki gen obligasyon legal egziste avèk achtè dèt la daprè sa achtè a
 - i. gen entèdiksyon pou fè nan nenpòt ECA pou jwenn peman pou swen sante a;
 - ii. achtè a gen entèdiksyon pou reklame enterè sou dèt la ki depase to enterè ki anvigè daprè seksyon 6621(a)(2) Kòd Revni Entèn lan nan moman lavant dèt la oswa daprè lòt gid ki pibliye nan Bilten Revni Entèn nan (Internal Revenue Bulletin);
 - iii. dèt la ranbousab oswa Òganizasyon an ranbouse dèt la lè Òganizasyon an oswa achtè a detèmine pasyan an elijib pou Asistans Finansyè; epi
 - iv. achtè a gen obligasyon pou respekte pwosedi ki endike nan akò a ki asire Pasyan an p ap peye, epi li pa gen obligasyon pou peye, achtè a ak Òganizasyon an ansanm plis pase li gen responsablite pèsonèl pou peye daprè FAP si yo detèmine an kalifye pou Asistans Finansyè epi si Òganizasyon an pa retounen oswa pa rantre dèt la;
 - b. nenpòt privilèj Òganizasyon an gen dwa pou li fè reklamasyon daprè lwa eta a sou lajan yon jijman, antant, oswa konpwomi yo dwe yon Pasyan pou blesi pèsonèl li genyen kòm rezulta swen Òganizasyon an te ba li; oswa
 - c. depo yon reklamasyon nan nenpòt pwosedi fayit.
3. “**FAP**” vle di Règleman Asistans Finansyè Òganizasyon an, ki se yon règleman pou bay Asistans Finansyè pou Pasyan ki kalifye nan avansman misyon ak konfòmite Òganizasyon an ak Ascension Sante misyon epi annakò avèk 501(r).
4. “**Aplikasyon FAP**” vle di aplikasyon pou Asistans Finansyè.
5. “**Asistans Finansyè**” vle di asistans Òganizasyon an ka bay yon Pasyan dapre Òganizasyon FAP an.
6. “**Òganizasyon**” vle di Alexian Brothers Health System, d/b/a Ascension Illinois affiliates. Pou mande plis enfòmasyon, prezante kesyon oswa kòmantè yo, oswa prezante yon kontestasyon, ou ka kontakte biwo ki endike anba la a oswa jan sa endike nan nenpòt avi ki anvigè oswa komunikasyon ou resevwa nan Òganizasyon an:

By phone at 833-272-7585 for these facilities:

Alexian Brothers Behavioral Health Hospital
Alexian Brothers Medical Center
St. Alexius Medical Center

For employed medical group practices affiliated with the above facilities, call:
844-930-0461 or 844-930-0463 (cardiology)

By phone at 833-272-7581 for these facilities:

Presence Holy Family Medical Centers
Presence Mercy Medical Center

Presence Resurrection Medical Center
Presence Saint Francis Hospital
Presence Saint Joseph Hospital - Chicago
Presence Saint Joseph Hospital - Elgin
Presence Saint Joseph Medical Center
Presence Saint Mary of Nazareth Hospital
Presence Saint Elizabeth Hospital
Presence St. Mary's Hospital

For employed medical group practices affiliated with the above facilities, call: 833-291-0464

By mail:

Alexian Brothers Health System, d/b/a Ascension Illinois affiliates
PO Box 74008855
Chicago, IL 60674-8855

7. “**Pasyan**” vle di yon moun k ap resevwa swen sante (oswa ki te resevwa swen sante) nan Òganizasyon an ak nenpòt lòt moun ki gen responsabilite pou peye lajan pou swen sante a(tankou manm fanmi ak responsab legal yo).

PRATIK FAKTIRASYON AK REKOUVREMAN

Òganizasyon an gen yon pwoeswsis ki òdone pou bay etadkont faktirasyon souvan pou Pasyan yo pou sèvis nou bay yo epitou pou nou kominike avèk Pasyan yo. Nan ka yon Pasyan pa peye pou sèvis Òganizasyon an bay, Òganizasyon an ka angaje aksyon pou li jwenn lajan an, ki gen ladan, men pa sèlman, tantativ pou kominike pa telefòn, lapòs, imèl, ak an pèsòn. Òganizasyon an raman itilize aksyon rekouvreman ekstrawòdinè, oswa “ECAs,” pou l fè peye li. Sepandan, pou asire resous Òganizasyon an rete disponib pou epi kanalize bay Pasyan sa yo ki nan bezwen yo selon règleman asistans finansyè nou an (“FAP”), Òganizasyon an ka sèvi ak ECA nan sikonsans ekstrèm, sitou ka ki gen rapò ak kont ki gen balans ki poko peye pou sèvis ochwa ki pa swen ijans oswa lòt swen medikal ki te nesesè, sitiayson kote yon Pasyan gen resous konsiderab (pa egzamp, gwo valè richès) epi li refize peye montan li dwe a, oswa kote Òganizasyon an kwè pa peye a se yon abi entansyonèl kondisyon FAP li oswa règleman sa a. Nan sikonsans ekstrèm sa yo, Òganizasyon an ka itilize youn oswa plizyè ECA, daprè dispozisyon ak restriksyon ki genyen nan Règleman Faktirasyon ak Rekouvreman sa a. Òganizasyon an p ap sèvi ak ECA pou kont ki gen yon balans ki rete akòz yo kalifye pou sèlman asistans finansyè pasyèl selon FAP Òganizasyon an oswa ki gen rapò ak ko-peman sou kont ki kalifye pou asistans finansyè konplè selon FAP. Vis Prezidan Anchèf / Ofisyè Chèf Revni Ascension an gen otorite final pou detèmine si òganizasyon an te fè jefo rezonab pou detèmine kalifikasyon pou asistans finansyè ak si genyen sikonsans ektrèm ki ta pèmèt Òganizasyon an angaje chimen ECA yo sou baz yon etid ka pa ka.

Dapre 501(r), Règleman Faktirasyon ak Rekouvreman sa a idantifye efò rezonab Òganizasyon an dwe antreprann pou detèmine si yon Pasyan elijib dapre FAP li pou Asistans Finansyè oswa si gen yon sikonsans ekstrèm ki jistifye konsidere rantre nan yon ECA. Depi yo rive detèmine yon sikonsans ekstrèm epi pasyan an pa kalifye pou asistans finansyè selon prensip FAP yo, Òganizasyon an ka kontinye ak youn oswa plizyè ECA, jan sa dekri la a.

1. Fason nou Travay sou Aplikasyon FAP yo. Eksepte nan ka sa yo, yon Pasyan ka soumèt yon aplikasyon FAP nan nenpot moman avèk respè pou ijans ak lot swen medikalman nesesè te resevwa nan organizasyon. N ap travay sou detèminasyon kalifikasyon pou Asistans Finansyè a dapre

kategori jeneral ki endike anba la yo.

- a. **Aplikasyon FAP ki Konplè** Nan ka yon pasyan ki soumèt yon Aplikasyon FAP ki konplè, Òganizasyon an dwe, nan yon tan itil, sispann tout ECA pou jwenn peman pou swen an, fè yon detèminasyon kalifikasyon, epi bay yon notifikasyon alekri, jan yo te prevwa sa a pi ba a.
 - b. **Detèminasyon Kalifikasyon Potansyèl**. Si yo estime yon Pasyan ka elijib pou mwens passe asistans ki pi jenere ki disponib nan FAP la, Òganizasyon an ap fè Pasyan an konnen sou ki baz li fè detèminasyon an epi bay Pasyan an yon peryòd tan rezonab pou l aplike pou asistans ki pi jenere.
 - c. **Avi ak Pwosesesi Kote pa gen Aplikasyon ki Soumèt**. Sof si Pasyan an prezante yon Aplikasyon FAP ki konplè oswa si nou detèmine li kalifye dapre kritè Kalifikasyon Sipoze pou FAP, Òganizasyon an p ap angaje nan okenn ECA pandan omwen 120 jou apati dat premye etadkont faktirasyon apre egzeyat la pou swen sante nou bay Pasyan an. Nan ka gen anpil sitiyasyon kote nou bay Pasyan an swen santenou ka gwoupe dispozisyon sa yo ki nan avi a, kote peryòd tan yo ta dwe baze dènye sitiyasyon swen sante a ki endike nan gwoupman an. Anvan nou kòmanse yon (1) oswa plizyè ECA pou resevwa peman pou swen sante nan men yon Pasyan ki pa soumèt yon Aplikasyon FAP ak anvan yo fè detèminasyon kit se pou sikontans ekstrèm ki jistifye itilizasyon ECA yo, Òganizasyon an dwe fè aksyon ki endike anba la yo:
 - i. Bay Pasyan an yon avi alekri ki endike Asistans Finansyè disponib pou Pasyan ki kalifye yo, idantifye ECA(yo)nou chwazi pou aplike pou resevwa peman pou swen sante a, epi endike yon dat limit apre nou aplike ECA(yo) ki pa dwe vini anvan 30 jou apre dat nou bay avi alekri a;
 - ii. Bay Pasyan an rezime a ak powosesis Aplikasyon FAP la nan langaj òdinè; epi
 - iii. Fè yon jefò ki rezonab pou fè Pasyan an konnen aloral pwosesis FAP la ak pwosesis Aplikasyon FAP la.
 - d. **Aplikasyon FAP ki pa konplè**. Nan ka yon Pasyan ki soumèt yon Aplikasyon FAP ki pa konplè, Òganizasyon an dwe ekri pasyan pou enfòme li kòman pou li konplete Aplikasyon FAP la epi bay Pasyan an trant (30) jou kalandriye pou li jere sa a. Nenpòt ECA ki annatant dwe sispann pandan tan sa a, epi avi alekri a dwe (i) dekri enfòmasyon ak/oswa dokiman siplemantè ki obligatwa dapre FAP oswa Aplikasyon FAP ki nesesè pou ranpli aplikasyon an, epitou (ii) dwe gen enfòmasyon kontak apwopriye ladan.
- 2. Restriksyon sou Ranzwa oswa Refi pou bay Swen Sante.** Nan sitiyasyon kote Òganizasyon an gen nentansyon ranvwaye oswa bay refi, oswa egzije yon peman anvan nou bay swen sante ki nesesè pou rezon medikal, jan sa defini nan FAP, paske lè yon Pasyan pa peye youn oswa plis bòdwo pou swen sante nou te bay li anvan ki garanti avèk FAP, n ap bay Pasyan an yon Aplikasyon FAP ak yon avi alekri k ap endike a Asistans Finansyè disponib pou Pasyan ki elijib yo.
- 3. Avi pou Detèminasyon.**
- a. **Detèminasyon yo**. Lè nou resevwa yon Aplikasyon FAP ki ranpli sou kont yon Pasyan, Òganizasyon an ap evalye Aplikasyon FAP la epi n ap fè Pasyan an konnen alekri detèminasyon final la nan karant-senk (45) jou almannak. Avi a ap gen ladan yon detèminasyon kantite lajan Pasyan an ap gen responsabilite finansye pou peye. Si Pasyan an jwenn refi pou Aplikasyon FAP la, n ap voye yon avi ba li pou eksplike li rezon pou refi a

epitou pou nou bay li enstriksyon pou kontestasyon ak re-konsiderasyon.

- b. **Ranbousman.** Òganizasyon an ap bay yon ranbousman pou kantite lajan yon Pasyan peye pou swen sante ki depase kantite lajan nou detèmine pasyan an gen responsabilite finansye pou petye anba FAP, sof sikantite lajan ki anplis la pipiti pase \$5.00.
 - c. **Ranvèsman ECA (yo).** Nan limit nou detèmine yon Pasyan kalifye pou Asistans Finansyè avèk FAP, Òganizasyon an ap pran tout mezi ki disponib yon fason rezonab pou ranvès yon ECA nou te pran kont Pasyan an pou nou resevwa pemab pou swen sante a. Anjeneral mezi ki disponib yon fason rezonab yo gen ladan, men pa sèlman, mezi pou anile nenpòt jijman kont Pasyan an, eliminasyon prelèvman sou pwopriyete Pasyan an, epi retire nan rapò kredi Pasyan an nenpòt enfòmasyo n negatif nou te rapòte ba yon ajans rapòtaj sou konsomatè oswa biwo kredi.
- 4. Kontestasyon.** Pasyan an ka konteste yon refi kalifikasyon pou Asistans Finansyè depi li bay lòt enfòmasyon pou Òganizasyon an nan katòz jou apre li resevwa avi pou refi a. Òganizasyon an revize tout kontestasyon yo pou yon detèminasyon final. Si detèminasyon final la konfime refi pou nou te bay anvan pou Asistans Finansyè a, n ap voye yon avi ekri ba Pasyan an.
- 5. Rekovreman.** Lè yo fini ak pwosedi ki anwo yo (ki gen ladan efò rezonab pou detèmine si yon Pasyan elijib dapre FAP li pou Asistans Finansyè) epi lè Òganizasyon an deside genyen ase sikonstans ekstrèm ki jistifye itilizasyon ECA yo, Òganizasyon an ka kontinye ak ECA kont moun ki pa gen asirans ak Pasyan ki pa gen ase asirans ak kont delenkan, jan sa detèmine nan pwosedi Òganizasyon an pou etabli, trete, ak kontwole fakti Pasyan yo ak plan peman yo. Selon restriksyon ki endike la yo, Òganizasyon an ka itilize sèvis yon ajans rekouvremant dèt ki gen bon repitasyon pou travay sou move kont dèt yo, epi ajans sa yo oswa founisè sèvis sa yo dwe respekte dispozisyon 501(r) ki anvigè pou ajans endependan yo.